

**Унафэщ**I **щэджащэ Мэлбахъуэ Тимборэ**

2-нэ нап.



**Каир ефIэкIыу**

3-нэ нап.



**Колaруссо Джон Адыгэ университетым и студентхэм яIуощIэ**

4-нэ нап.



**ЩIэ лъапIэхэр къыхуагъэфащэ**

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№138 (24.264) ● 2021 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



**ЗЕУЩЭ Арсен:**

**Уадыгэнумэ, Iэмалыр гъунэжщ**

4-нэ нап.

## Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгуи 170-рэ щызэрагъэпэщыжащ

**УФ-м и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ Урысейм и вице-премьер Хуснуллин Марат. Видеоконференц зэпыщIэныгъэ мардэм тету абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэедрэ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъэжащ «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрыхъум, абы къриктIуэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къалъытащ гъуэгухэр щIынымкIэ, сэкъат зыгъуэтахэр зэгъэпэщыжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIхэм.



Дызэрыт илъэсым лъэпкъ проектым хыхьэу зыхуей хуагъэзэнущ щIыналъэхэр, республикэм и жылэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгу километри 116-рэ. Апхуэдэуи гъуэгухэм шынагъуэншэу ущызекIуэн папщIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэри зэфIагъэкIынущ. Километр 37-м гъуэгухэр къызэрагъэнэху Iэмэпсымэхэр, километрищ хуэдизым къэухьхэр щагъэувынущ, лъэс зэпрыкIыпIи 116-р лъэпкъ мардэщIэхэм тету, Т-7 светофорхэр фIэлъу ящIынущ.

А лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну яубзыхуащ сом меларди 1,9-рэ, абы щыщу мелуан 432-р къэрал бюджетым, меларди 1,4-р щIыналъэ, мелуан 48-р щIыпIэ бюджетхэм къыхэкIыу.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. и жэрдэмкIэ дызэрыт илъэсым къэрал бюджетым къыхэкIыу тIэунейрэ къыхущIагъуащ а лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну мылъку, абы и фIыгъэкIэ яхузэфIэкIащ иджыри гъуэгущIэ зыбжанэм елэжьыныр программэм хагъэхьэжыну.

Мы гъэм зэфIагъэкIын хуейуэ программэм хагъэхьауэ щыта лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэблэгъащ. Зэрагъэпэщыж гъуэгуи 183-м щыщу лэжьыгъэхэр 170-м щызэфIэкIыпащ. Адрей къэнахэм щрагъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм я процент 92-ри зэфIагъэкIащ, мылъкум и процент 96,5-р къагъэсэбэпакIэщ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## ● КъБР-м и Парламентым

## Политик ныбжьыщIэхэм яIущIащ



**КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым, Парламентым и щIалэгъуалэ палатэм къызэрагъэпэща зэIущIэхэр мы махуэхэм екIуэкIащ. Ар нэхъыбэу зытещIыхьауэ щытар депутат ныбжьыщIэхэр республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм щыгъэгъуэзэнырщ, щапхъэ егъэлъагъунырщ. ЗэIущIэхэм ящыщ зым щытепсэлъыхьащ КъБР-м и депутат ныбжьыщIэхэм я хабзэубзыху жэрдэмым иIэ мыхьэнэм, депутат ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэр нэсу зэтеублэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм.**

- ЗЭIУЩIЭМ къыщытIэтыну Iуэхугъуэхэр республикэм, къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Политикэм дихьэх депутат ныбжьыщIэхэм куэдкIэ дыфщогугъ, сыту жыпIэмэ фэращ ди къэкIуэнур. ЦIыхубэр зыхуейр, зыхуэныкъуэхэр, я гукъеуэхэр фэ тыншу къыфхуолъагъу, махуэ къэс фахэтщ, фопсалъэ. Ар къэфлъытэн хуейщ, политикэм ехьэлIауэ зыгуэр щывлэжькIэ. «Мы Iуэхур цIыхубэм дауэ яхуэщхьэпэну?» - жыфIи фызэупщIыж. Абы щыгъуэм фи Iуэхур захуагъэм тегъэпсыхьауэ щытынущ. Си гуапэ мэхъу IэнатIэрэ къулыкъурэ зыIэригъэхьэн къудей папщIэ мыхъуу, республикэми къэралми сэбэп яхуэхъуну хуей щIалэгъуалэ куэд политикэм къызэрыхыхьэр. Щхьэхуэу щытхъу яхуэфащэщ ди волонтёрхэм. Уз зэрыцIалэм и зэранкIэ унэм щIэсын хуей хъуа жьыкIэфэкIэм, зи узыншагъэкIэ мыщIагъуэхэм ахэр хущхъуэкIэ, ерыскъыхэкIкIэ, нэгъуэщIхэмкIэ зэрадэIэпыкъур куэд и уасэщ. Ди щIалэгъуалэм къакъуэкI гулъытэр узыгъэгушхуэщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**. Абы щIалэгъуалэм щапхъэу къахуихьащ езым и депутат гъуэгуанэр:

- 1986 гъэм депутатхэм я къуажэ Советым сыхагъэхьэри, абыкIэ къыщIэздзащ. ИужькIэ щIыналъэ Советми зыкъомрэ сыхэта нэужь, КъБР-м и Парламентым сыкъагъэкIуащ. Къуажэм, щIыналъэм щызгъуэта зыужьыныгъэр сэ иджыри къысхуосэбэп, цIыхубэм я гупсысэр зыхуэдэм тызощIыхь Iуэху гуэрым и ужь сыщихьэкIэ.

- КъБР-м и Парламентым и зэхэтыкIэр, къыщаIэт Iуэхугъуэхэр, зэрылажьэ щIыкIэр зэвгъэлъагъумэ ди гуапэу фыкъедгъэблэгъащ политикэм хэтыну хуей щIалэгъуалэр. ФызыпэрыуваIэнатIэр дэри ди нэIэ щIэтщи, Iуэхум нэхъ псынщIэу фыхэгъуэзэну дыхуейщ. ЗыкъэдвгъэцIыхун, фи Iуэху еплъыкIэ дыщывгъэгъуэзэн хуейщ. Нэхъыщхьэр депутат ныбжьыщIэу республикэм диIэм и бжыгъэракъым, атIэ абыхэм я лэжьэкIэрщ. Дэ къыдэвгъэзын хуей гупсысэ, проект гуэрхэр фиIэ хъужыкъуэмэ, зыкъытхуэвгъазэ, дызэдэвгъэлажьэ, - яжриIащ депутат ныбжьыщIэхэм КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ.**

КъБР-м и Парламентым цIыхубэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ хабзэр убзыхунымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Есэнкъул Ахьмэд** депутат ныбжьыщIэхэм яжриIащ республикэм и гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм псом япэ гу лъатэн, дэтхэнэ депутатми и пщэ жэуаплыныгъэ къызэрыдэхуэр зыхащIэн зэрыхуейр.

КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и УнафэщIым и къуэдзэ **Хьэмыкъуэ Аслъэн** щIалэгъуалэм яжриIащ республикэм дежкIэ сэбэп хъуну Iуэху къэрал къулыкъущIапIэхэм щыгъэкIуэтэн хуей хъумэ, чэнджэщэгъуи дэIэпыкъуэгъуи хъуну зэрыхьэзырыр.

ЗэIущIэм видеозэпыщIэныгъэкIэ кърагъэблэгъащ Ставрополь краим и депутат ныбжьыщIэхэм я Советым и унафэщI **Торосян Аркадий**, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым деж щыIэ Советым и щIалэгъуалэ Палатэм социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и депутат **Битаров Павел**, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым деж щыIэ Советым и щIалэгъуалэ Палатэм спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бубнов Дмитрий**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Стенякинэ Екатеринэ** сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ я проект щIэщыгъуэхэм, цIыхубэм я псэукIэр ефIэкIуэным сэбэп зэрыхуэхъу Iэмалхэм, нэхъ гулъытэ зыхуащIхэм. Абыхэм депутат ныбжьыщIэхэр къыхураджащ интернетым и Iэмалхэр къагъэщхьэпэну, цIыхухэм сэбэп яхуэхъу интернет напэкIуэцIхэр къызэIуахыу ягъэлэжьэну.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм жаIащ мы махуэхэм кърагъэблэгъа депутат ныбжьыщIэхэм Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къызэраIэтар, щэкIуэгъуэм и 26-м абыхэм щыхэплъэжыну зэIущIэ зэрекIуэкIынур.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

## Хэхъуэр нэхъыбэ мэхъу

**«РИА-Рейтинг» агентствэм къэрал статистикэм къита бжыгъэмкIэ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, 2021 гъэм и щIышылэ - шыщхьэуIу мазэхэм цIыхухэр гъэшхэным къит хэхъуэр Урысейм и хэгъэгу 83-м нэхъыбэ щыхъуащ. Ауэ дэтхэнэ щIыналъэми къигъэлъэгъуа фейдэм и инагъым елъытауэ фIыуэ зэщхьэщокI.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэр къапщтэмэ, блэкIа мазибгъум къриубыдэу шхапIэхэм къат хэхъуэр процент 38,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ (сом меларди 4,5-рэ).

Зи Iуэху нэхъ къикIхэм ящыщщ Приморскэ крайр, Алтай, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къырым республикэхэр, Калининград, Брянск областхэр, Москва, Санкт-Петербург къалэхэр, Еврей автоном областыр.

Коронавирус уз зэрыцIалэр къызэрежьэрэ экономикэм и Iыхьэу нэхъ хилъэфахэм ящыщщ шхапIэхэр. Мардэ къагъэувахэм я зэранкIэ, шхапIэхэм къалэжь ахъшэр нэхъ мащIэ хъуащ. Урысей Федерацэр зэрыщыту къапщтэмэ, 2020 гъэм цIыхухэр гъэшхэным къит хэхъуэм процент 20,7-рэ кIэрыхуащ.

«РИА-Рейтинг» агентствэм и IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, нэгъабэ еплъытмэ, мы гъэм Iуэхур нэхъыфIщ, экономикэр хуэмурэ зэтоувэж, мардэхэр трахыж, цIыхухэм зэхэзекIуэу щIадзэж.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Тхылъымп**I**эхэр тын щIадзащ

**Коронавирус уз зэрыцIалэм зэрыпэщIэт вакцинэр зыхезыгъэлъхьахэм абы щыхьэт техъуэ я сертификатхэр, QR-кодыр и гъусэу, зытет тхылъымпIэр IуэхутхьэбзэкIуэд зэфIэзых центрым (МФЦ) щатын щIадзащ.**

АПХУЭДЭ тхылъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми, щэкIуэгъуэм и 16-м щыщIэдзауэ, щызыIэригъэхьэфынущ МФЦ-м и сыт хуэдэ IуэхущIапIэми. Япэ махуэ закъуэм а Iэмалыр цIыхуи 100-м щIигъум къагъэсэбэпакIэщ. «ТхылъымпIэм тедзауэ сертификатым нэхъ хуей хъур ныбжь зиIэ, смартфон къэзымыгъэсэбэп нэхъыжьхэращ», - жаIэ щIыналъэ МФЦ-м и лэжьакIуэхэм.

А дэфтэрым хуэдэ иратынущ прививкэ езыгъэщIахэми, коронавирус къызэузахэми, пIалъэкIэ зыхригъалъхьэ мыхъуну дохутырхэм къызыжраIахэми.

Мастэр зыхезыгъэлъхьам и сертификатым и пIалъэр зы илъэс мэхъу, узыр зыпкърыкIам - мазих, вакцинэр пIалъэкIэ зэпхьэлIэ мыхъуну е мыхъуххэну къалъытахэм я тхылъымпIэр зэрыпэж а зэманыр зэлъытар реестрым къыщагъэлъэгъуа щхьэусыгъуэращ.

IуэхутхьэбзэкIуэд зэфIэзых центрым ущекIуалIэкIэ пIыгъын хуейщ паспортыр, снилсыр, медицинэ страхованэмкIэ полисыр. НэгъуэщI къэралхэм узэрыкIуэ паспортыр бгъэлъагъуэмэ, сертификатыр инджылызыбзэкIэ тхауэ къуатынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Ди къуэш республикэхэм

### ЕджакIуэхэм я зэпеуэм щIедзэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *ЩэкIуэгъуэм и 15-м республикэм щрагъэжьащ Урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэр. Ар дыгъэгъазэм и 15 пщIондэ екIуэкIынущ. Олимпиадэм хохьэ урысыбзэр, литературэр, тхыдэр, обществознаниер, хабзэр, математикэр, информатикэр, ИКТ-р, физикэр, химиер, биологиер, экологиер, географиер, астрономиер, экономикэр, технологиер, инджылызыбзэр, нэмыцэбзэр, франджыбзэр, гъуазджэр, Къэрэшей-Шэрджэсым ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр.*



ОЛИМПИАДЭМ хэтщ школ зэхьэзэхуэхэм пашэныгъэ къыщызыхьа, 7-нэ классым щегъэжьауэ 11-нэм нэс щIэс ныбжьыщIэхэр. Урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр къызэгъэпэщынри егъэкIуэкIынри и къалэнщ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм.



### Псыр псоми ялъэIэсынущ

АДЫГЕЙ. *Урысей Федерацэм УхуэныгъэмкIэ и министерствэм республикэм и щIыпIи 7-р зыхуей хуагъэзэным текIуэдэну сом мелуани 184,3-р къыхуиутIыпщынущ.*

А АХЪШЭР 2022 гъэм хухахынущ къуажэ, къутыр зэмылIэужьыгъуэхэм екIуалIэ псы зэрыжэ бжьамийхэр зэрахъуэкIыным, щIэуэ далъхьэным.

Нэгъабэ «ПсэупIэхэмрэ къалэ щIыпIэхэмрэ» лъэпкъ проектым щыщ «Псы къабзэ» Iуэхум хиубыдэу Куэшхьэблэ псы зэрыжэ бжьамийуэ километр 42-рэ далъхьащ, Красногвардейскэ жылэм псы зэхуэхьэсыпIэ щIэуэ щаухуащ.

Мы гъэм апхуэдэ лэжьыгъэ жылитхум щрагъэкIуэкI. Мыгувэу яухынущ Улапэ псы зэрыдэлъадэ ухуэныгъэр, апхуэдэуи Адыгейск и псы бжьамийхэр зэрагъэпэщыжынущ.

«ЦIыхухэм псы къабзэ яIэрыхьэным и мыхьэнэм лейуэ утемыпсэлъыхьми хъунущ. Мы Iуэхум иужь итхэм унафэ яхуэсщIащ федеральнэ проектым къыдит Iэмал псори и кIэм нэсу республикэм къыщыгъэсэбэпын зэрыхуейм теухуауэ», - жиIащ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат.

### Урысейр я щIэгъэкъуэну

АБХЪАЗ. *Урысей Федерацэм и Ипщэ дзэ округым Сыхъум щигъэува госпиталым коронавирус уз зэрыцIалэр къызыпкърыхьа цIыху мин 1,6-рэ щагъэхъужащ. Иджыпсту абы сымаджэ 90 щIэлъщ, дэтхэнэми и чэзум хущхъуэхэр ирахьэлIэ. Я узыншагъэр зэфIагъэувэжри, сымаджэщым щIатхыкIыжащ цIыху 470-рэ. Абыхэм узыфэр зэрагъэхъуж псори ирахьэлIэри, вирусыр я Iэпкълъэпкъымхэтрэхэмытрэиджыризэеплъыжащ.*

ГОСПИТАЛЫМ зыщагъэхъуж Абхъазым и щIыналъэ псоми щыщ сымаджэхэм, апхуэдэуи, дзэ дохутырхэм сымаджэхэм я щытыкIэр къахутэри, узыфэр нэхъ къызэмыхьэлъэкIхэр амбулаторэхэм яунэтI, абы зыщагъэхъужыну. Урысейм икIа дохутырхэр жэщ-махуэм зэпымычу мэлажьэ, бгъэIэпхъуэ лабораторэхэм сыт хуэдэ къэпщытэныгъэри щрагъэкIуэкI, ПЦР-тестхэри рентгенхэри щащI.



Сыхъум щылажьэ мобильнэ госпиталым сымаджищэм зэуэ щеIэзэфынущ, хуей хъумэ, иджыри 50 зыщIэхуэн къызэIуахыфынущ. Абы дзэ дохутыру 100-м щIигъу щолажьэ, пIалъэкIэ зэблэкIыу. Абыхэм иджырей медицинэ Iэмэпсымэ псори яIэщ, коронавирус зыпкърытхэм зэреIэзэн Iэмал псори къызэрагъэпэщащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## ● Гу зылъытапхъэ

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ



**ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!**
**ЩIидзауэ йокIуэкI 2022 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тедзэныр.**

НЭХЪ фыдэзыхьэх, фIыуэ флъагъу къыдэкIыгъуэхэм Iэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Iэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуахьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) къыщыватыжыну къалэн зыщещIыж КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и федеральнэ управленэм.

КъыдэкIыгъуэхэм Iэ тедзэным теухуа фи упщIэхэм жэуап кърятыжынущ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм.

Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, а Iуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ мази 6-м ди газетым и уасэр:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 728-рэ кIэпIейкIэ 76-рэщ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 660-рэщ.

**Ди индексыр П 5894**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:
**8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## Iуащхьэмахуэ ядж

**Урысей географие обществэм и жэрдэмкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ зэIущIэ щекIуэкIащ щIыуэпсымкIэ, къэкIыгъэхэмкIэ, бгы туризмэмкIэ щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ хэту. Ди къэралым, Сербием, Арменией, Къэзахъстаным, Узбекистаным щыщщ зэпсэлъахэр, зэчэнджэщахэр. Ахэр щылэжьащ «Мир», «Приют 11» станцхэм я Iэгъуэблагъэм, Бахъсэн псыхъуэм, Азау хуейм. Абыхэм а щIыпIэхэм къыщащтащ щIы, уэс, «Тхылъ плъыжьым» ихуа къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я щытыкIэр зрагъэщIащ. ЩIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэм наIуэ къащIын хуейщ цIыху куэдым я кIуапIэ зэрыхъуам и зэран а щIыпIэм екI-емыкIыр.**

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭР махуипщIым щIигъукIэ итащ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» Лъэпкъ паркым къиубыд щIыпIэм. Псынэ 40-м псы къыхахащ ар зыхуэдэр зрагъэщIэну. Ахэр щыIащ Шэджэм Ипщэм и псыкъелъэхэм, Эль-Тюбю къуажэм.

- ЦIыхум и зэранкIэ фIей хъуа щIыпIэхэр дгъэбелджылащ, Лъэпкъ паркым и щIыуэпс беягъыр хъумэным теухуауэ гу зылъытапхъэр къэдгъэлъэгъуэнущ нэхъ иужьыIуэкIэ,- жиIащ МГУ-м географиемкIэ и факультетым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь Маслаков Алексей. - Дэ ди къэхутэныгъэхэм теухуауэ ттхыжынухэр Урысей географие обществэм и журналым къытрадзэнущ.

- Iуащхьэмахуэ - лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэщ,- жиIащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» къэрал корпорацэм и унафэщI ТIымыжь Хьэсэн. - Мыбы малъхъэдисым хуэдэу цIыху куэд зыщIешэ. Езыр уардэ щхьэкIэ, махэщ. Дэ ди къалэнщ абы и хъугъуэфIыгъуэр тхъумэну, хэщI имыIэу щIэблэм къахуэдгъэнэну. Аращи, щIыуэпсым теухуауэ жэрдэм зиIэ щIэныгъэлIхэм дадэIэпыкъуну дыхьэзырщ. Дыщогугъ абыхэм я къэхутэныгъэхэр сэбэп къытхуэхъуну Iуащхьэмахуэ туризмэм и лIэужьыгъуэу нэхъ къезэгъыр гъэбелджыла хъунымкIэ.

## Ари Iэмалщ

**Италием и Ломбардие щIыналъэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм хуэзэ Презенэ мылылъэр кIуэ пэтми дунейр нэхъ хуабэ къызэрыхъум къригъэлын щхьэкIэ щIыуэпсым елэжь щIэныгъэлIхэм Iэмал къагъуэтащ.**

ПРЕЗЕНЭР бгы-лыжэ къежэхын зыфIэфIхэм я зыгъэпсэхупIэщ. 1993 гъэ лъандэрэ дыгъэм игъэткIуащ абы и Iыхьэ щанэр. Апхуэдэу кIуэмэ, мы зыгъэпсэхупIэр щыIэжынукъым. Аращ щIэныгъэлIхэм хэкIыпIэ къалъыхъуэн хуей щIэхъуар. Абыхэм къагупсысар нэхъ зэщхьыр щащыхущ. 2008 гъэ лъандэрэ гъэмахуэ мазэхэм мылылъэр щIахъумэ метритху зи бгъуагъ, метр 70 зи кIыхьагъ щащыху хужькIэ (дыгъэр хужьым зыщIишэркъым). Гектар 11,7-рэ хъу мылылъэр щIахъумэным мазэ ехь. «Геотекстиль» жыхуаIэр бгым тралъхьэри зэгуадэж, я зэхуакум хуабэ дэмыхьэн хуэдэу. Ар жьым иримыхьэжьэн щхьэкIэ пшахъуэ зэрылъ къэпхэр трагъэувэ. ЩIымахуэм а псор зэщIакъуэж, цIыхухэм къежэхыпIэр хуит хуащIыжу. Ауэ щIымахуэми мылылъэм псы тракIэ, ар нэхъ Iув ящIын папщIэ.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, мы лэжьыгъэр псыхэкIуадэ хъуркъым: мылылъэри зэкIэ зэтраIыгъэфщ, цIыхухэми я щIымахуэ зыгъэпсэхупIэр и пIалъэм хьэзырщ.

Апхуэдэ гугъуехьхэр къегъэщI дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъум. Уи Iуэху, уи лэжьыгъэ пфIэмыкIуэдын щхьэкIэ, хэкIыпIэ къэплъыхъуэну урегъэз.



## Зауэм теухуа пэжхэр

●Зауэ нэужьым илъэс 17-кIэ текIуэныгъэр ямыгъэлъапIэу, зыгъэпсэхугъуэ махуэу ямыбжу къэгъуэгурыкIуащ. Махуэшхуэр гъэлъэпIэн зэрыхуейр къыщыхалъхьар 1965 гъэращ. Тхыдэджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Совет властыр куэд зи нэгу щIэкIа ветеранхэм ящышынэу арат. Ауэ ягъэхъыбарыр нэгъуэщIт - зауэр зыщагъэгъупщауэ, я къарур зэрыщыту къэралыр къэIэтыжыным хуаунэтIауэ жаIэрт.

●Хэку зауэшхуэм хэта совет офицерхэм ящыщу мин 80-р цIыхубзт.

●ЦIыхухэм ящIыгъуу, Хэку зауэшхуэм хьэ мин 60 хэтащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ, танк 300 къагъэуащ, хъыбар мин 200 зэIэпахащ, зауэ губгъуэм сэлэт мин 700, щIыпIэ 303-м шэкъэуэж кърахащ, километр зэбгъузэнатIэ мин 15,2-рэ щIащыкIащ.

●Зауэр къыщыхъеям, Кремлыр махуэ 30-кIэ «бзэхауэ» щытащ. Фашист кхъухьлъатэзехуэхэм я картэм итыр ямыгъуэту къэуIэбжьат - Совет Союзым и унэ нэхъыщхьэр ягъуэтыртэкъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, Кремлым и чэщанэхэм тет вагъуэхэр - хъыдан фIыцIэкIэ, Манеж утымрэ Александровскэ жыг-хадэмрэ пхъэбгъукIэ щIахъумат, куполхэр лэч фIыцIэкIэ ялат, блынхэмрэ унащхьэмрэ щхъуэгъуабжафэ ящIат, блыным екIуэкIыу метри 3 хъууэ унэ нэпцI зыбжанэ щаухуат. Мавзолейр къатищ хъуат, Лениным и хьэдэр Тюмень ягъэIэпхъуат, Боровицкэ куэбжэхэм къыщыщIэдзауэ Спасскэм нэс пшахъуэ тракIутат, гъуэгум ещхьу. А псом Кремлыр къахэпцIыхукIыртэкъым.

●1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м, иужькIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща, Армэ Плъыжьым и сэлэт Овчаренкэ Дмитрий, и ротэм Iэщэ яхуишэу, фашист 50-м къаухъуреихьри яубыдат. И фочыр трахыу, къыпкърыупщIыхьыну ягъэтIыса щIалэм пэмыжыжьэу джыдэ щылъу къилъэгъуащ. НапIэзыпIэм джыдэр къипхъуатэри, къыпкърыупщIыхь офицерым и щхьэр фIихащ. Iэнкун хъуа фашистхэм гранатищ яхидзэри, сэлэт 21-рэ иукIащ, адрейхэр щтэри зэбгрыжащ. АбыкIи и гур мызагъэу, Овчаренкэр бийм кIэлъыщIэпхъуэри, япэу зылъэщIыхьа сэлэтым и щхьэр пиупщIауэ щытащ.

●Гитлер СССР-м къыщытеуам и бий нэхъыщхьэу къилъытэр Сталинтэкъым, атIэ Левитан Юрийт. Диктор цIэрыIуэм и щхьэр къыхуэзыхьым маркэ мин 250-рэ иритыну жиIэрт зэрыпхъуакIуэм. Сталиным ар ищIэрти, Левитан ягъэпщкIурт икIи дикторым и шыфэлIыфэм теухуауэ хъыбар нэпцIхэр ягъэIуурэ, бийм Iэрагъэхьакъым.

●Сталин и къуэ Джугашвили Яков фашистхэм гъэр ящIри, фельдмаршал ПаулюскIэ къахъуэжыну арэзыуэ щыжаIэм, Сталиным: «Сэ сэлэтыр фельдмаршалкIэ схъуэжыркъым!», - жиIэри, идауэ щытакъым. Абдеж къыщымынэу, Яков и унагъуэр хэкум ирыригъэшауэ щытащ: «Гъэру зезыгъэубыдахэм я унагъуэр ираш, Яков си къуэ щхьэкIэ, хабзэм себэкъуэнукъым», - жиIэри.

●Хэку зауэшхуэм и зэманым ди дзэм хэту махъшэ 350-рэ «зэуащ». Ахэр Астрэхъан щIыналъэм къыщаубыдурэ Сталинград къашэрт, машинэрэ шырэ яхурикъуртэкъыми. Псэущхьэхэм я нэхъыбэр зауэм хэкIуэдащ, къелахэр зоопаркхэм иратыжащ, ауэ ЯшкэкIэ зэджэу щыта махъшэр совет сэлэтхэм ящIыгъуу Берлин нэсауэ щытащ.

●1943 гъэм фокIадэм и 1-м Сталинград зауэшхуэм хэту пулемётчик Нурадилов Ханпаша фашист 920-рэ иукIауэ щытащ.

●1942 гъэм Гитлер унафэ ищIат Сталинград псоуэ зы унэ къыдамынэу зэтракъутэну. Илъэс ныкъуэ дэкIауэ, совет правительствэм щекIуэкIа зэIущIэм къыщаIэтат Сталинград и Iуэхур - абы зыри къызэрыхэмынэжар, къэбгъэщIэрэщIэжынкIи Iэмал зэримыIэр. Сталин ищIэрт Гитлер и унафэри, абы и нэхейкIэ къалэр «яжьэм къыхаIэтыкIыжыну», щIэрыщIэу яухуэжыну триухуащ. Сталинград апхуэдизкIэ лагъым куэд щрадзыхати, къалэр зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжа нэужь, иджыри илъэситIкIэ зы удзыпэ къыщыкIатэкъым.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**



## Грац къалэм и коммунистхэр

**Австрием и къалэхэр я инагъкIэ зэбгъапщэмэ, Штирие федеральнэ щIыналъэм и къалащхьэ Грац етIуанэщ. Иужьрейуэ екIуэкIа щIыналъэ хэхыныгъэхэм мыбы щытекIуащ коммунистхэр. Ар япэ дыдэу къэхъуа Iуэхущ, Австрием и Компартым тхыдэ иIэми.**

ХЭХЫНЫГЪЭМ къырикIуар наIуэ къызэрыхъуу, и IэнатIэм текIащ Грац къалэм и Iэтащхьэ Нагль Зигфрид. Ар илъэс 18-кIэ зэрыса шэнтиуэм итIысхьащ къалэ Советым хэт, илъэс 59-рэ зи ныбжь Кар Эльке. Мы бзылъхугъэр коммунистщ 1983 гъэ лъандэрэ. Хэхыныгъэм коммунистхэм процент 29-м нэс къыщахьащ, ЦIыхубэ партымрэ «Удзыфэхэмрэ» мащIэу япэ ищри. Къапщтэмэ, округ 17-м щыщу 8-м коммунистхэр щытекIуащ.

Австрием и канцлер Курц Себастьян жиIащ «щIыналъэ зыбжанэм коммунистхэр зэрыщытекIуам узэгупсысын зэрыхэлъыр».

Сытым къыхэкIа Грац хуэдэ къалэ хуэщIам, дахэм щыпсэухэр сэмэгурабгъу партымкIэ еплъэкIыныр? Пэжщ, Австрием и Компартыр Европэм щынэхъыжьхэм ящыщщ, ар къыдобжэ 1918 гъэм, Лениныр, Коминтерныр европей утыкум гуащIэу щита лъэхъэнэм. Ауэ мы къэралым коммунистхэр зэи пашэ щыхъуакъым. Урысейм къыщыхъуа революцэм зи тетыгъуэхэри, зэрыжаIэщи, фабрикэхэри, заводхэри, кхъухьхэри зейхэр иригъэгупсысат гуащIэрыпсэухэм я губжьыр зэтребгъэхьэ зэрымыхъунум, цIыхухэм я лэжьапщIэкIэ, щыIэкIэ-псэукIэкIэ гулъытэ ягъуэтын зэрыхуейм. ИкIи апхуэдэу ящIащ. ЖыпIэ хъунущ Австриер Европэм и хьэщIэщу. Ар цIыху кIуапIэщ, зэрыдахэм, зэрыкъабзэм, зэрызэIузэпэщым и фIыгъэкIэ.

Ауэ иужьрей илъэс 20-м Грац къалэм коммунистхэм я Iуэхур нэхъ щыдаIыгъ хъуащ. ГъэщIэгъуэнращи, къэралым нэхъыбэкIэ щыгугъхэм къинэмыщIауэ, унэ-лъапсэ ехьэжьа зиIэхэри хуеящ коммунистхэр текIуэну. Кар Эльке мы къалэм къыщалъхуащ. Ар щапIар бын зыщIа унагъуэрщ. Адэ хуэхъуар пхъащIэу, и анэр унэгуащэу щытауэ аращи, бзылъхугъэм ещIэ цIыху къызэрыгуэкIым и псэукIэр, апхуэдэхэм яхуэгъэзауэ къэралым и къалэным хыхьэ хъунур. 2016 гъэм ар къалэ унафэщIым и къуэдзэу зэрыхахрэ цIыхухэм ящIэ абы и деж жэщи махуи упсалъэ, узыгъэпIейтейр хуэпIуатэ зэрыхъунур, уи жэрдэмым къедэIуэну зэрыхьэзырыр. ЩхьэгъэпцIэж хъунт коммунист идеологием Грац къалэжьым, тхыдэшхуэ зиIэм щыпсэухэр дихьэхауэ къалъытамэ. Псори зэлъытар езы цIыхуращ, армыхъумэ ар зыхэт партракъым. Эльке Iэтащхьэ зэрыхъуам емылъытауэ, цIыхухэм нэхъыбэрэ яхэтщ, щылажьэ пэшым зэрыщIэсым нэхърэ. Къалэмрэ къалэдэсхэмрэ апхуэдэ щIыкIэу къыщIэкIынщ уазэрыхуэлэжьэфынур.



## IэщIагъэлIхэр кърегъэблагъэ

**Гъэ дызыхуэкIуэ ди къэралым щылэжьэну IэщIагъэлI 124007 кърагъэблэгъэнущ, ар процент 14-кIэ нэхъ мащIэщ 2019 гъэм визэ зратахэм нэхърэ.**

АБЫХЭМ нэмыщI, Урысейм лэжьакIуэ къэкIуэнущ СНГ-м хэт къэралхэм къикIынухэр (ахэр визэ хуейкъым). Нэхъыбэу къыздикIынур Узбекистанымрэ Таджикистанымрэщ. А къэралхэмрэ ди къэралымрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иту я щIалэгъуалэр хурагъаджэ Урысейм и компаниехэр нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэхэм. УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, ди къэралым хуримыкъу IэщIагъэлIхэращ кърагъэблагъэр. Псалъэм папщIэ, газым елэжь промышленнэ IуэхущIапIэ инхэр зыхуейхэращ, «Сила Сибири», «Зап СибНефтехим» хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэрагъэбелджыламкIэ, визэкIэ къэкIуэнущ топ-менеджер мини 6,4-рэ, инженер мини 3,5-рэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм папщIэ - мин 38-рэ, шофёр зы минрэ ныкъуэрэ, нэгъуэщIхэри.

Урысейм лэжьакIуэ зэрыхуримыкъур къалъытэу, IэщIагъэлIхэм жаIэ пыухыкIауэ зыгуэрым хуемыджахэми ди деж я щхьэ щапIыфыну.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: щIэныгъэ зыбгъэдэлъми, IэщIагъэфI зиIэми, къызэрыгуэкI лэжьакIуэми я улахуэр апхуэдэ дыдэхэм ди къэралым къыщахьым хуэдизыну аращ.

## Каир ефIэкIыу

**Египетым и къалащхьэ Каир километр 20-кIэ пэжыжьэу къалэщIэ щаухуащ. Абы ягъэIэпхъуэнущ министерствэхэр, парламентыр, правительствэм епха къэрал къулыкъущIапIэхэр. Километр зэбгъузэнатIэ 700 хъу къалэм цIыху мелуани 5,5-рэ, къэрал къулыкъущIэу мин 40-50 хуэдиз щыпсэунущ. Ауэ а къалэм иджыри цIэ иIэкъым. Мы мазэм абы зэпеуэ щокIуэкI цIэуэ фIащынум, логотип къыхуагупсысынум теухуауэ.**

А ЗЭПЕУЭМ цIыху щхьэхуэхэри компаниехэри хэт хъунущ. Абыхэм къагъэхьыну лэжьыгъэхэм хэплъэнущ архитектор, дизайнер, сурэтыщI, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэри. ТекIуэхэм ахъшэфI иратынущ.

Ди зэманым къалэхэр зэрызэпеуэ унэ лъагэхэм хуэдэ мыбыи щаухуэ - ар Африкэм иджыри къэс щымыIа унэ зэтетщ, метр 385-рэ и лъагагъыу. Ауэ абыи къыщыувыIэнукъым. 2026 гъэм яухуэн щIадзэнущ Дубай дэт Бурдж-Халифэ унэ лъагэм (метр 828-рэ) «къыхуеплъыхын» унэ.

«Къалэ Iущ» жыхуаIэм хуэдэщ Египетым щаухуар: абы и щыIэкIэ-псэукIэр къызэзыгъэпэщ псори автоматикэм епхащ, унащхьэхэм дыгъэ батарейхэр тетщ, ахъшэ зэIэпых щыIэнукъым (жып телефонкIэ зэфIэкIынущ), километр 35-кIэ паркым зрагъэукъуэдиящ. КъалэщIэм щаухуащ мы дунейм щынэхъ ин мэжджытрэ чыристэн храмрэ (Египетым куэду щыпсэу коптхэм папщIэ).

Жьым щытхъуи, щIэр къащтэ жыхуиIэращи, Каир щIэкIэ яхъуэжащ, ауэ зи тхыдэр еблэнэ лIэщIыгъуэм къыщежьэ (хьэрыпхэм ей зэрыхъурэ), иджы Париж къазэрыщыхъум хуэдэу, зэгуэр цIэрыIуэу щыта къалэр уафэ лъащIэм щIэт музейуэ къахуэнэну къыщIэкIынщ Египетым щыпсэухэм.



## ЕтIуанэ IэщIагъэр - пщIэ щIамыту

**2022 гъэм щыщIэдзауэ пщIэ щIамыту еджэну, етIуанэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну хуитщ гъуазджэм епха IэщIагъэ зиIэхэр.**

ЗЫХУРАГЪЭДЖЭНУ IэщIагъэхэм хагъэхьащ театрым, кином, телевиденэм я режиссурэр, оперно-симфоние оркестрымрэ академическэ хорымрэ я художественнэ унафэщIыр, макъамэ звукорежиссурэр, аудиовизуальнэ гъуазджэмкIэ звукорежиссурэр, композицэр, тхэн-усэныр.

Гупыж зыщIхэр мы IэщIагъэм щыхуеджэфынущ Щукин Б. и цIэр зезыхьэ Театр институтым, Щепкин М.С. и цIэр зезыхьэ театр училищэ нэхъыщхьэм, МХАТ-м, ГИТИС-м я еджапIэ-студиехэм, МакъамэмкIэ урысей академиеу Гнесинхэм я цIэр зезыхьэм, Чайковский П. и цIэр зезыхьэ къэрал консерваторэм, Римский-Корсаков и цIэр зезыхьэ Санкт-Петербург консерваторэм, Горький А. и цIэр зезыхьэ литературэ институтым, киномрэ телевиденэмкIэ Санкт-Петербург къэрал институтым, кинематографиемкIэ Герасимовым и цIэр зезыхьэ къэрал институтым.

ЕджапIэм щIэтIысхьэнум ЕГЭ итын хуейкъым, ауэ езым хуэдэхэм я зэпеуэм пхыкIыну къыпэщылъщ. А зэпеуэм пэлъэщыр къэрал ахъшэкIэ ирагъэджэнущ.

Мы хъыбарым гу лъыстэн хуей щIэхъуар зи гугъу ящI IэщIагъэлIхэм ди республикэр зэрыхуэныкъуэрщ. Къапщтэмэ, Урысейм и щIыналъэ псори абыкIэ зэщхьщ, зэрызэщхьэщыкIышхуэ щымыIэу. Аращ зи гугъу тщIа IэщIагъэхэм къэрал мылъкукIэ хурагъэджэнухэм я бжыгъэм щIыхагъэхъуар, етIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэм трагъэгушхуэну щIыхэтри. Нэхъыщхьэращи, мыпхуэдэ IэщIагъэлIхэм ди зэманым щIэупщIэ яIэщ.

## Дыщэ статуэткэр къыхуагъэфащэ

**Художник икIи скульптор цIэрыIуэ, Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм я цIыхубэ сурэтыщI, Франджым гъуазджэхэмкIэ и лIыхъужьым и орденым и кавалер Шемякин-Къардэн Михаил къыхуагъэфэщащ «Ирида» киносаугъэтымрэ дунейпсо кинофестивалымрэ я дыщэ статуэткэр, гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къалъытэри.**

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ лэжьыгъэ щIэщыгъуэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтыщI Iэзэ Шемякин-Къардэн Михаил Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыщыр. Художникыр кинофестивалым щагъэлъэгъуа «Высоцкий. Одесская тетрадь» документальнэ фильмым щытопсэлъыхь уэрэджыIакIуэ Высоцкий Владимир игъэныбжьэгъуу зэрыщытам.

«Ирида» дунейпсо кинопроектыр 2016 гъэм къыхилъхьащ Бэлагъы-Къандур Любэ. А зэхыхьэшхуэр илъэсым тIэу Сочэрэ Лондонрэ щрагъэкIуэкI. Ди лъахэгъу сурэтыщIым къыдэкIуэу «Ирида» дыщэ статуэткэр хуагъэфэщащ британ актрисэ Барбер Фрэнсис.

Шемякин-Къардэн Михаил Москва къыщалъхуащ. И адэ-анэм я гъусэу иужькIэ ар Германием Iэпхъуами, абы и Хэкуу Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрилъытэр дуней псом и дэнэ утыкуи щыжеIэ, и лъэпкъым и пщIэр иIэту. Шемякиныр иджыпсту Франджым щыпсэуми, ди республикэм щIэх-щIэхыурэ къоблэгъэж, и лэжьыгъэхэр щегъэлъагъуэ, къызыхэкIар, зыщыщыр зыщимыгъэгъупщэу.

КъищынэмыщIауэ, республикэм и сурэтыщI ныбжьыщIэхэр Франджым щрегъаджэ. «Воображаемый музей» Iуэхум хыхьэу Шемякиным республикэм щригъэкIуэкIа, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм щытекIуахэм Iэмал яIащ Франджым кIуэуэ Шемякиным и деж гъуазджэм, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм щыхуеджэну, и мастер-классхэм хэтыну.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр си Хэкуу къызолъытэ. ЩIыпIэ телъыджэм си гуапэу сыщохьэщIэ, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм сфIэфIу садолажьэ. Щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэтщIыну ди къалэнщ. Хамэ къэралхэм Кавказым щыпсэухэр я нэгу къызэрыщIыхьэр щIэпхъаджащIэуущ, ар ятеIукIащи. Щэнхабзэ гъуэзэджэр цIыху зэчиифIэхэм я лъахэу зэрыщытыр къацIыхуну сыхуейщ, - жеIэ Шемякиным.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

# Коларуссо Джон Адыгэ университетым и студентхэм яIуощIэ



**Мейкъуапэ дэт Адыгэ къэрал университетым хэт Дунейпсо щIэныгъэ-къэпщытакIуэ центрым мы махуэхэм онлайн Iэмалкiэ зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, политикэмрэ жылагъуэ Iуэхумрэ пщIэшхуэ щызиIэ цIыху щэджащэхэм.**

ЯПЭРЕЙ лекцэм къеджар куэд щIауэ адыгэбзэр зыдж, дунейм щыцIэрыIуэ бзэ щIэныгъэлI, Канадэм щыIэ Макмастер университетым и профессор, США-м и президенту щыта Клинтон Билл Кавказым епха Iуэхухэмкiэ и чэнджэщэгъу Коларуссо Джонщ.

ЩIэныгъэм епха псалъэмакъым хэпщIа хъуащ Адыгэ Республикэм, Урысейм, Тыркум, Иорданием, США-м, «Экономикэм и еджапIэ нэхъыщхьэ» щIэныгъэ-къэхутакIуэ университетым хыхьэ, Щхьэ куцIымрэ бзэмрэ я центрым щылажьэ щIэныгъэлIхэр.

Лекцэм едэIуахэщ АГУ-м, КъБКъУ-м, Кубань, Саратов къэрал университетхэм я студентхэр, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Мэкуу университетым тхыдэмкIэ и магистратурэм щIэсхэр, Тыркум щыщ Дюзджэ къалэм дэт университетым тхыдэм, хэхэс гъащIэмрэ щIыпIэхъуэжымрэ елэжьу Токио дэт лабораторэм и еджакIуэхэр, хамэ къэрал къэхутэныгъэхэм елэжь университетым щеджэхэр.

ЗэIущIэр махуитIкIэ екIуэкIащ. Псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэщ.

ЩэкIуэгъуэм и 11-м утыку кърахьащ «Пасэрей Къухьэпlэ Кавказыбзэр. Пасэрей индоевропеибзэр. Къежьапlэмрэ лъабжьэмрэ (Proto-North West Caucasian/Proto-Indo-European. Sources and origin) зи псалъащхьэ лекцэр.

ЩэкIуэгъуэм и 12-м зэхаубла псалъэмакъыр нартхэм ятеухуат: «Нарт эпосыр адыгэхэм я щэнхабзэм и Iункlыбзэщ» (The Nart Sagas as a cultural code of the Adyghe people).

Лэжьыгъэр къызэзыгъэпэща Мэчэр Сусаннэ я мурадыр къазэрехъулIам топсэлъыхьыж: «ЗэIущIэр жьы щIэту екIуэкIащ. И жыпхъэкIэ ар ещхьт щIэныгъэлIхэр студент гупым щадэуэршэр зэхыхьэм. Мы Iуэхум мурад нэхъыщхьэу иIэр студентхэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм тегъэгушхуэн, хэпщIа хъунырщ. Ущием я нэхъыфIыр щапхъэрауэ зэрыщытыр хэти ещIэ, гъуазэ пхуэхъури тхыдэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI ЦIыхурщ. Абы къыхэкIыу, дызыдэплъейри лэжьыгъэмрэ гъащIэмрэ я пIалъэ зыщIэ, псалъэм папщIэ, Коларуссо Джон хуэдэу гулъытэ зэзышалIэ IэщIагъэлI гъэщIэгъуэнхэрщ. Ди егъэблагъэ тхылъым фIыщIэкIэ къыщыпэджэжым абы къытхуитхащ адыгэбзэм зыщIиша адыгэхэм я щIэныгъэ щIэинымрэ Нарт эпосым къыхэщ лIыхъужь образхэмрэ я философиемрэ иджыным и гъащIэр зэрыхуигъэфэщар.

«А щIэныгъэлI щэджащэм и цIыху щIыкIэм ситхьэкъуауэ сыкъыхэкIыжащ зэIущIэм», - жеIэж конференцым хэлэжьыхьа псори зэпызыщIа журналист Панеш Саидэ.

Зи гугъу тщIы лекцэхэри абы ихъуреягъкIэ ежьа адрей лэжьыгъэхэри щызэфIахар Адыгэ университетым инджылызыбзэмкIэ и факультетырщ, абы и лэжьакIуэхэри Iуэхум хэпщIауэ. КъинэмыщIауэ, конференцым и лэжьыгъэм жыджэру хэуващ Адыгэ Республикэм ис IуэрыIуатэджхэр, Кавказым щыщ адрей щIыналъэхэм щыщ щIэныгъэлIхэр.

Пасэрей кавказыбзэхэм я гугъу щыпщIкIэ, Iэмал угъуэт щэнхабзэ, бзэ зэмылIэужьыгъуэкIэ псалъэхэм я зэхуаку лъэмыж щызэпрыпшыну. ЗэIущIэм зигу хигъэхъуар щIэныгъэлIхэм я закъуэкъым. Хамэ къэралыбзэхэр щадж факультетым и студентхэм бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэм и гъащIэ гъуэгум ириплъэну, я упщIэхэм жэуап убгъуа езы профессорым къыбгъэдахыну Iэмал яIащ. Уэ пIурылъ анэдэлъхубзэм и къежьапIэ жыжьэм апхуэдэ цIыху къыщыпхутепсэлъыхькIэ, гъащIэр зэрыщыту лъэныкъуэ гуэркIэ зыунэтI щхьэусыгъуэхэр гъуэгу къытоувэ. Абы нос бзэм и зэфIэкIыр.

«Дэнэ Прометей (Нэсрэн ЖьакIэ - ред.) зыщыщыр?» - иратащ профессор Коларуссо упщIэ.

«Шэч хэлькъым, - Кавказым», - къажриIащ щIэныгъэлIым.

ЕтIуанэ упщIэр Нарт эпосыр зеинкIэ хъуну лъэпкъхэм ятеухуат. Ар Кавказ лъэпкъ зыбжанэм зэIэпахыр пэжми, япэ ирагъэщыр адыгэ-абхъаз IуэрыIуатэрауэ къыщIэкIащ.

«Мыхьэнэ зиIэр Нарт эпосым Кавказыр зэрыщыту зэрызэпищIэрщ, щIыналъэхэм я зэхуаку гъунапкъэ къызэримыгъанэрщ», - аращ зэхуэзахэр зэакъылэгъуу зыхуэкIуа гупсысэр.

Къызэгъэпэщак Iуэхэм зэIущIэр къайхъулIауэ къалъытэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# ЗЕУЩЭ Арсен:

# Уадыгэнумэ, Iэмалыр гъунэжщ

**Нобэ ди псэлъэгъущ сурэтыщI ныбжьыщIэ, и ныбжьым хуумыгъэфэщэн зэфIэкI зыбгъэдэлъ Зеущэ Арсен.**

АРСЕН къыщысцIыхуар «Акрополь» уардэунэм папщIэ Грозный Иванрэ Мариерэ къызэрыщыр, ищIа сурэтыр, утыку къыщрахьа махуэрщ. Хуабжьу згъэщIэгъуат ар зи лэжьыгъэр зэрыщIалэщIэ дыдэр къыщысщIам. Пэжщ, IэпэIэсагъыр ныбжьым елъытакъым, ауэ мыр а IэщIагъэм куэд щIауэ ирилажьэ фIэкIа умыщIэну, IэкIуэлъакIуэт.

Зеущэм псалъалэкIэ уеджэнкъым, езым и дуней иIэжу къызэрекIуэкIыр нэрылъагъущ. Арагъэнщ абы и лэжьыгъэхэм куэду зэтепщIыкI гупсысэхэм ущIыхуашэфри.

Арсен зэрыжиIэмкIэ, дунейм дахагъэ хэлъэгъуэным ехьэлIауэ Леонардэ да Винчи къигъэсэбэпу щыта Iэмалхэм тетщ. «Дунейм фIыуэ зыщыфплъыхь, фыпкърыплъыхь, абы къыщывгъуэтынущ фи гупсысэм зэи къыхуэмыгъэщIын образ телъыджэхэр», - яжриIэрт Леонардэ и гъэсэнхэм. Сыт хуэдэ гупсысэ-тIэ Арсен дунейм къыпкърихар? - жаIэу щIэупщIэни щыIэщ. Абы и жэуап мы тхыгъэм щеттыну яужь дитынщ.

ЩIалэм и IэдакъэщIэкIыу слъэгъуа псоми я лейщ испы цIыкIухэм ятрищIыкIа гуащэ телъыджэхэр. Адыгэхэм яжыIауэ, «къопсэлъэным» хуэдэщи, зэпэпплъыхь пэтми защыбгъэнщIыркъым. Абыхэм сигу къагъэкIыр Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэ» новеллэм хэта ефэндымрэ Хьэбалэрэ я зэпсэлъэныгъэрщ.

*«Ещхьщ Iунэ, ауэ дэндейра ещхьыр? И нитIра? Хьэмэрэ и Iупэра? Е и пэрауэ пIэрэ? - Ефэндым къыхуэубыдыркъым пхъэ гуащэр Iунэ зэрещхь щIыкIэр. - Дауэ мыр? И пэр ещхькъым, и нэр ещхькъым, и Iупэ-жьэпкъыпэри ещхьыщэу жыпIэнкъым. ИтIани, ещхьщ. Тхьэр согъэпэж, ещхьыркъабзэкIэ! Ауэ ещхьыр дэндейми къысхуэгъуэтыркъым.*

*- И псэращ ещхьыр, - жи Хьэбалэ, зэрихабзэжьу псалъэхэр зэпишу».*

Арсен зэрыцIыкIурэ сурэт ещI, зэрыжиIэмкIэ, абы егъэджакIуэ иIакъым, езым зигъэсэжауэ аращ.

- Сурэт щIыным сыщыдихьэхари къысхуэщIэжыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сурэт щызмыщIа къысхуэгубзыгъыжыркъым. Ар дапщэщи си гъащIэм хэтащ, - жеIэ абы и IэщIагъэм зэрыхуэкIуам теухуауэ ущеупщIкIэ.

**- УнэтIыныгъэ хэха уимыIэу, лъэныкъуэ куэдым зэрызупщытым гу лъыстащ. Сыт ар къызыхэкIыр?**

- Пэжщ, си творчествэм жыпхъэ пыухыкIа гуэр иIэкъым. Псалъэм папщIэ, академизмэм жыпхъэ иIэщи, абы утекI хъунукъым, ар сэ къызэзэгъыркъым. Сэ сызэреплъымкIэ, цIыхум сыт хуэдэ Iуэхум зрипщытми и гупсысэр жыпхъэ пыухыкIа гуэрым иригъэзэгъэну хущIэкъункIэ Iэмал иIэкъым. Гупсысэр тэмэму къэкIуэн папщIэ, шэщIауэ, хуиту убзыхун хуейщ. Армыхъу гупсысэм щыщ гуэр Iэмал имыIэу кIэрыхунущ, ар гупсысэм и купщIэраи щытынкIэ хъунущи, абы хуэсакъын хуейуэ къысщохъу.

**- Уи лэжьыгъэхэр дэнэ щыбгъэлъагъуэр?**

- Курыт еджапIэм сызэрыщIэсрэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыхэтащ, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд дыдэ сиIэщ. Гъэлъэгъуэныгъэ зыбжанэ Бахъсэнрэ Налшыкрэ щысщIащ.

**- Сытым утригъэгушхуэрэ уи лэжьыгъэм?**

- СурэтыщI цIэрыIуэ Шемякин-Къардэн Михаил упщIэ иратати, «Музэ симыIэмэ, сытхэфыркъым жызыIэхэр делэуращ», - жиIауэ щытащ *(мэдыхьэшх)*. Сэ сызэреплъымкIэ, цIыхухэм я зэфIэкIыр зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, я гупсысэкIэри Iуэху бгъэдыхьэкIэри зэтехуэркъым. Си щхьэкIэ сыхуейщ сигурэ си псэрэ езышажьэ. Лэжьыгъэм сыхуэзыгъэушым, си гупсысэ къезыгъэблхэм ящыщщ пасэрей сурэтыщIхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр, Iуэху еплъыкIэ гъэщIэгъуэн къытхуагъэнахэр. Апхуэдэу зи лэжьыгъэкIэ зызмыгъэнщIхэм ящыщщ Брейгель Питер (нэхъыжьыр), Босх Иероним. Скульпторхэм ящыщу Антокольский Марк, Микеланджелэ Давид сымэ, нэгъуэщIхэри. Сыт и лэныкъуэкIи зэщхь сыхъуну сызыщIэхъуэпс сурэтыщI сиIэкъым. Зи цIэ къисIуахэм псоми я IэдакъэщIэкIхэм сфIэфI, спэгъунэгъу хэтщ, ауэ сэ езым си творческэ гъуэгу сиIэжщи, абы сытетынущ.

**- Творческэ цIыхум и IэщIагъэр и щхьэр зэригъэфIэж Iуэхуу къэзылъытэ щыIэщ. УэркIэ сыт уи IэщIагъэр?**

- А псом сегупсысауэ схужыIэнукъым, ауэ сымытхэу, сурэт сымыщIу схуэшэчынукъым. Адрей гупсысэ псори гуэдзэну аркъудейщ. Пэжщ, си лэжьыгъэхэм гупсэхугъуэ къыщызат щыIэщ, а щытыкIэ телъыджэр арагъэнщ дэтхэнэ творческэ цIыхури къезыхуэкIыр. Сэ гу лъыстащ цIыху гумызагъэм къехъулIэм нэхърэ къемыхъулIэр дапщэщи зэрынэхъыбэм.

**- Таурыхъ лъахэм къикIа хуэдэ, уи гуащэ сурэтхэр гъэщIэгъуэн сщыхъуащ. Я сюжеткIэ ахэр зэщхьщи, таурыхъ тепхыну бгъэхьэзыру гугъэ уагъэщI.**

- Пэжыр жыпIэмэ, ар си хъуэпсапIэщ, къызэхъулIэмэ, арэзы сыхъунут. Ауэ зэкIэ а мурадым сыхуэкIуэу аркъудейщ. Гъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэпеуэ куэдым сыхэтащ. Къыхэзгъэщынут а зи гугъу пщIы лэжьыгъэхэр зыми зэрытезмыщIыкIар. А образхэр сэ къэзгупсысри, сщIауэ аращ.

Къезгъэжьар зищIысыр къызгурымыIуэу, ауэ сылэжьэну сыхуейуэ, сурэт щIын щIэздзэурэ а таурыхъ лIыхъужь цIыкIухэр къыхэкIащ. Лэжьыгъэ хьэзыру сиIэм нэхърэ къезгъэжьэу хыфIэздзэжар куэдкIэ нэхъыбэщ. Сэ сымыарэзыуэ зыри дунейм къысхутегъэхьэнукъым, сыт хуэдиз зэманрэ къарурэ абы езмыгъэхьми, лэжьыгъэр си гум зэрилъым нэзгъэсын хуейщ.

**- Грозный Иванрэ Мариерэ я теплъэр уэ къэбгупсыса хьэмэрэ ари зыгуэрым тепщIыкIа? Псом хуэмыдэу сфIэгъэщIэгъуэн хъуар Марие и теплъэращ. Ар нэхъ ипэкIэ слъэгъуахэм къащхьэщокI.**

- Мыбыхэм я теплъэр зэфIэзгъэувэн папщIэ дэфтэр куэд дыдэ щIэзджыкIащ. Марие и сурэту зы закъуэ фIэкIа къызэрымынам Iуэхур гугъу ищIырт. Абы къыхэкIыу сэ сыхущIэкъуащ Марие и теплъэу ятхыжахэм нэхъ пэгъунэгъуу сщIыну. Сызэджахэм си щхьэм щызэфIагъэувауэ теплъэрщ нобэ флъагъур. Ауэ, Грозный Иван зэрыс шэнтжьейр къэзгупсысакъым, Москва Iэщэ (Оружейнэ) палатэм щIэтым тесщIыкIыжауэ аращ.

**- Арсен, зэман гъунэгъум выставкэ пщIыну уи мурад?**

- Пэжыр жыпIэмэ, сыхуейт, ауэ сыхуэхьэзыркъым. Абы нэхъ плъапIэ симыIэу сыщыткъым, солажьэ, къызэхъулIэр зызогъэтIылъэкIри, сызыхуэарэзыхэм я бжыгъэр ирикъуауэ къыщысщыхъум деж згъэлъэгъуэнущ. Ди сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я гъусэу гъэлъэгъуэныгъэ сщIыну, ахэр нэхъыбэу, нэхъыфIу къэсцIыхуну сыхуейт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ дызэрыцIыхуну Iэмал диIэкъым. Моуэ дыщызэхуэсын, дыщызэпсэлъэн, дыщызэчэнджэщын щIыпIэ диIэну сыщIохъуэпс. Ар ди зыужьыныгъэм хуэщхьэпэну къысщохъу.

**- Уи мурадхэм дыщыбгъэгъуэзэн?**

- Мы зэманкIэ испы цIыкIухэм солэжь. ЗэкIэлъхьэпыту зы гуп сщIыну сыхуейщ, ауэ сщIынум и бжыгъэр жысIэфынукъым. Сурэт щIыным нэхъыбэу селэжьыну си мурадщ.

**- Къыхэпха IэщIагъэр тыншу къыпщыхъурэ?**

- Тыншкъым, ауэ абы и IэфIагъри гугъу зэрызыдебгъэхьым елъытащ. Дэтхэнэми зэфIэкI иIэу дунейм къытехьэр пэжу къыщIэкIынущ, ауэ абы игъуэтыну зыужьыныгъэр цIыхум а IэщIагъэм зэрызригъэлIалIэм куэдкIэ елъытащ. Творческэ IэщIагъэм гурыфIыгъуэ хэплъэгъуэн папщIэ, уи псэри уи къарури хэплъхьэн хуейщ. Лэжьыгъэр сызэрыхуейм хуэдэу хъуамэ, гугъу сызэрыдехьар сщогъупщэж.

**- Уи IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъ нэщэнэ яхэлъщ. УэркIэ уадыгэныр сыт?**

- Шэч хэмылъу, срогушхуэ сызэрыадыгэм, ауэ езыгъэлейхэм сащыщкъым.

Адыгэхэр лъэпкъ щхьэхуэ зэрыхъурэ псы куэд ежэхащ, ауэ нобэми уадыгэнумэ, Iэмалыр гъунэжщ.

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**





# Дзэлыкъуэ щIыналъэм и бзылъхугъэхэр

**Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и бзылъхугъэ гуащIафIэхэм ятеухуа «Зольчанка» тхылъыр. Абы елэжьащ Джатэ Руслан, Бжьахъуэ Ранетэ, КъуэщIысокъуэ Iэсият сымэ.**




ТХЫЛЪЫМ ихуащ зи IэщIагъэрэ щIэныгъэкIэ куэд зыхузэфIэкIахэр, щапхъэ хъухэр. ЕгъэджакIуэхэр, дохутырхэр, агрономхэр, гъуазджэм и лэжьакIуэхэр, щIэныгъэм хэтхэр, хабзэхъумэ IэнатIэм щыпэрытхэр - лIэужьыгъуэ куэду зэщхьэщокI тхылъым ихуахэм я IэщIагъэр. НапэкIуэцI 576-рэ зи Iувагъ тхылъым килограмми 4 и хьэлъагъщ, и бжыгъэри 1000 мэхъу. ЩIыналъэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа бзылъхугъэхэм ятеухуа очеркрэ хъыбару 900-м щIигъу итщ тхылъым.

КъыдэкIыгъуэм итщ зи гъащIэр зэман зэхуэмыдэхэм хиубыда цIыхухэр. Хэку зауэшхуэм и пэ къиихуэу псэуахэм ятеухуа дэфтэрхэр, сурэтхэр, гукъэкIыжхэр зэхуэпхьэсыныр тыншкъым. ЛIыхъужь куэдым я цIэр зэфIагъэувэжащ тхылъым елэжьахэм.

«Зольчанка» тхылъым и пэ къихуэу, щIыналъэм теухуауэ иджыри тхылъитI къыдагъэкIауэ щытащ абы елэжьахэм: «Зольская земля: события, судьбы, свершения», «Зольский район. 1941 - 1945».

- «Зольчанка»-р тхылъышхуэм елэжьахэм я ещанэщ. Тхылъищми мыхьэнэ къызэрымыкIуэ яIэщ: Урысейм и зы щIыналъэ цIыкIум апхуэдиз цIыху щэджащэ, апхуэдиз лIыхъужь къызэрыдэкIар, Iуэху щхьэпэу щалэжьамрэ щалэжьымрэ наIуэ къащI. Мы проектым хуэдэ нэгъуэщI щыIэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрми, уеблэмэ, Урысей псоми, - жиIащ тхылъ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор.

**ГЪУЭТ Синэ.**

**Черногорием и Будвэ къалэм щекIуэкIащ Европэм кикбоксингымкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэрал 39-м икIа спортсмен 1425-рэ. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменхэр.**

# Дунейпсо утыкум япэу щытокIуэ

ДУНЕЙПСО утыкум япэу къызэрихьэм емылъытауэ, ди лъэпкъэгъу Блашэ Темырлан килограмм 60-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я гупым щригъэкIуэкIа зэIущIэ псоми щытекIуащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Килограмм 57-м нэблагъэ зи хьэлъагъ Куэшмэн Инал домбеякъ медаль къихьащ.

СпортсменитIри урысейпсо зэхьэзэхуэхэм зыбжанэрэ щытекIуащ икIи къыщыхэжаныкIащ. Ахэр ягъасэ Сасыкъ Анзоррэ Куэшмэн Рустамрэ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# ЦIэ лъапIэхэр къыхуагъэфащэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм и унэм пресс-конференц щекIуэкIащ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ спорт бэнэкIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэрэ чемпионату иджыблагъэ Белград къалэм щекIуэкIам кърикIуахэм. Абы ди республикэм щыщ спортсменхэм хэлъхьэныгъэшхуэ щыхуащIащ Урысей Федерацэм грэпплингымрэ бэнэкIэ хуитымкIэ и командэ къыхэхам къиихьа текIуэныгъэм.**



КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам IущIащ грэпплинг спорт бэнэкIэмкIэ дунейпсо чемпион хъуа Урыс Мухьэмэд, дунейпсо зэхьэзэхуэм бэнэкIэ хуитымкIэ дыжьын медаль къыщызыхьа ЗакIуий Азэмэт, щIалэхэм я тренерхэу Шыхъуэстэн Русланрэ ЗакIуий Арсенрэ. ЗэIущIэм хэтащ спортымкIэ министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, КъБР-м олимп резервым бэнэкIэ хуитымкIэ и спорт школым и унафэщI ЗакIуий Артур, хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр.

Министрыр спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ ехъуэхъуащ дунейпсо утыкум зэфIэкI лъагэ къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ икIи жиIащ я медалхэр ягъэбагъуэмэ зэригуапэр.

«ИкъукIэ ди гуапэщ ди спортсменхэр зэзэмызэ мыхъуу, атIэ хабзэ яхуэхъуауэ, къэралым и командэ къыхэхам и ехъулIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуащIу зэрыщытыр. Ар министерствэм, спортсменхэмрэ абыхэм я тренер Iэзэхэмрэ я лэжьыгъэ зэтеублам и щыхьэтщ», - къыхигъэщащ Хьэсанэ Ислъам.

«ГрэпплингымкIэ дунейпсо чемпион хъун папщIэ Мухьэмэд икъукIэ гъуэгуанэ гугъу къызэпичащ. Псом хуэмыдэу абы и зэфIэувэкIам сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ. И ехъулIэныгъэхэмрэ и Iуэхухэр щымыхъумрэ, абыхэм къапэкIуэ лъэпощхьэпохэм. ИкIэм-икIэжым, а гугъуехьхэм Мухьэмэд и хьэл-щэн япсыхьащ, и къару емыблэ-жу текIуэныгъэм хущIэкъуным трагъэгушхуащ. ХъуэпсапIэхэр къыщохъулIэр, ар къалэну зыхуэбгъэувыжауэ, махуэ къэс абы ухуэзышэ лъагъуэм ущрикIуэм и дежщ. СызэреплъымкIэ, чемпионыгъэм хуэкIуэным зэрегугъуам къыдэкIуащ а ехъулIэныгъэр. ЗымащIэкIэ зыдгъэпсэхунщ, иджырей напэкIуэцI щхъуэкIэплъыкIэр зэдгъэдзэкIынщи, адэкIэ тхыдэр ттхынщ. Согугъэ, абы ди командэм щыщ лIыхъужьхэр хэтыну, - жиIащ Урыс Мухьэмэд и тренер Шыхъуэстэн Руслан. - Иджыри зэ сохъуэхъу ди къуэшым и текIуэныгъэмкIэ. Псом япэрауэ, фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ ГрэпплингымкIэ урысейпсо федерацэм и президент Бочкаев Ризван. Аращ ди спорт лIэужьыгъуэм и мафIэгур. ФIыщIэ хузощI Урысейм спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаилрэ УФ-м и тренерхэмрэ: Абдулаев Гаджимурад, Гагаев Ибрэхьим, Гавриков Роман. Ди спортсменхэм щIэгъэкъуэн къахуэхъу, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм фIыщIэ хэха хуэфащэщ. ПщIэшхуэ худощI спортсменым сыт хуэдэ Iуэхури къыдэзыIыгъ Сомгъур Анзор. Мухьэмэд ар зыхещIыкI икIи щыгъупщэнукъым. «Файт Зон» командэр псом хуэмыдэжщ».

Министрымрэ хьэщIэхэмрэ тепсэлъыхьащ дызыхуэкIуэ зэманым ягъэзэщIэну зыхуагъэувыжа къалэнхэм икIи журналистхэм хъыбар ирагъэщIащ ЗакIуий Арсен «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер», Урыс Мухьэмэдрэ ЗакIуий Азэмэтрэ «Дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер» цIэ лъапIэхэр къыфIащыну зэрагъэлъэгъуамкIэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**


УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэ), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894 • Тираж 1.849 • Заказ №2568